

**Siyale tout vyolasyon ki fèt nan
Sanctuary Promise.**

 **Liy asistans telefonik
Sanctuary Promise.**

1-844-924-7829

 **Orè liy asistans lan :**

lendi - vandredi

9 a.m. rive 5 p.m.


Kite yon mesaj andeyò orè ouvèti yo.

Gen sèvis entèprèt nan +240 lang.

Nou aksepte apèl Relay.

 **SanctuaryPromise.Oregon.gov**

Eskane m.



SanctuaryPromise.Oregon.gov

Ou apatni.

Sekirite.

Ou gen dwa pou w an sekirite toulèjou
nan lavi.

Diyite.

Ou fè wòl ou nan kominote a e w
merite respè.

Dwa delòm

Ou gen dwa pou w viv trankil
e jwi kominote ou a, fanmi w,
e anviwònman ou an.

Konekte avè n

 @ORcivilrights


 @ORcivilrights

**YOU 
BELONG.**

**Oregon
Sanctuary
Promise**

**Ou lakay ou nan
Oregon.**

YOU BELONG.



Telefonnen liy asistans telefonik Sanctuary Promise la pou :

Fè yon rapò

Si yon moun ou konnen oubyen oumenm sible nan vyolasyon lwa Sanctuary Promise yo, se pou w siyale sa.

Nou ka

- Founi konsèy e soutyen konfidansyèl nan lang ou pale a
- Refere w bay resous sou imigrasyon
- Kòmanse yon ankèt onon eta a
- Ede w ak yon èd finansyèl dijans
- Krete yon plan sekirite pou ou

Poze kesyon

Pa konnen si sa ki rive a yon vyolasyon lwa Sanctuary a?

Telefonnen n e n ap ka ede w.

Kisa Oregon Sanctuary Promise ye?

Nan Oregon, gouvènman eta e lokal, tankou polis, pa gen otorizasyon pou yo fè aplikasyon lwa federal sou imigrasyon amwenske yo gen òdonans tribinal yon jij siyen.

Kilè pou siyale tout vyolasyon ki fèt nan Sanctuary Promise?

- Si polis poze w kesyon sou peyi natif natal ou a oubyen sou estati imigrasyon w.
- Si w wè gouvènman eta oubyen lokal oubyen polis kolabore avèk otorite federal imigrasyon.
- Si w wè polis travay avèk ICE pou kowòdone kontwòl woutye.
- Si moun ki nan prizon oubyen ki lib nan kondisyon wè yo refize ba yo sèvis, benefis, oubyen privilèj poutèt estati imigrasyon pa yo a.
- Si yo arete w nan tribinal oubyen pandan w ap deplase ale oubyen tounen soti nan tribinal, san okenn òdonans tribinal yon jij siyen.
- Pa konnen?
Telefonnen n.

Vizyon nou an

Oregon se yon andwa sekirize, kote tout moun akeyi, enkli, e gen opòtinite egale pou devlope san rayisman e san diskriminasyon, e kote enstitisyon nou yo soutni e reponn nan bezwen moun.

*Se Oregon ki te premye
eta nan peyi a ki tabli
lwa sanctuary (refij)
nan lane 1987*